Kutsananangurira Vamwe Zvaunotenda Panyaya Yeungochani

Shandisa pepa rino kuti rikubatsire kufunga nezvematsananguriro aungaita zvaunotenda kune mumwe munhu asi uchizviita nekungwarira.

“Kutaura kwenyu ngakuve nenyasha nguva dzose, . . . kuti muzive mapinduriro amunofanira kuita.”—VaKorose 4:6.

1

FUNGA IZVI USATI WAPINDURA:

Dzimwe nguva vanhu pavanotaura kuti zvinotaurwa neBhaibheri hazvichashandi mazuva ano, zvavanenge *vachinyatsoreva* ndezvekuti zvarinotaura zvakasiyana nezvavanofunga. Unofunga kuti munhu iyeye anoona mitemo *yese* yemuBhaibheri seisingachashandi here mazuva ano—kusanganisira inorambidza kuba, kuita upombwe uye kuuraya? —VaRoma 13:8-10.

Zvii zvingangodaro zviri kuita kuti munhu iyeye afunge izvozvo?	Ungamubvunza mibvunzo ipi kuti uzive zvimwe zvaanofunga nezvenyaya yacho?	Rugwaro rwupi kana kuti magwaro api aungashandisa?

FUNGA ZVAUCHAPINDURA

“Zvinotaurwa neBhaibheri hazvichashandi mazuva ano!”

“Ndizvo zvinotaurwa nevamwe vanhu. Asi ini handifungi kudaro nekuti . . . ”

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2

“Vanhu vanoita ungochani havakwanisi kuchinja zvavari –vakaberekwa vakadaro.”

FUNGA IZVI USATI WAPINDURA:

Bhaibheri haritauri kuti munhu anoberekwa aine chido chekuita ungochani here kana kuti kwete. Saka pane kuti muitisane nharo nekutaura *zvinoita* kuti munhu azova ngochani, taurai *nezveungochani* hwacho.

Funga nezvechimwe chinhu chaunogona kuenzanisa nacho. Ndezvipi zvimwe zvinhu zvakaipa zvingasava nyore kusiya? Semuenzaniso, Zvirevo 29:22 inotaura kuti vamwe vanhu *‘havatani* kutsamwa’ uye *‘vanoda* hasha.’ Muapostora Pauro akatotaurawo nezvake pachake achiti: “Pandinoda kuita zvakarurama, zvakaipa zviri mandiri.” (Va-Roma 7:21) Saka tinofanira kugara tichiita zvatinonzwa tichida kuita here?

Zvii zvingangodaro zviri kuita kuti munhu iyeye afunge izvozvo?	Ungamubvunza mibvunzo ipi kuti uzive zvimwe zvaanofunga nezvenyaya yacho?	Rugwaro rwupi kana kuti magwaro api aungashandisa?
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

FUNGA ZVAUCHAPINDURA

“Vanhu vanoita ungochani havakwanisi kuchinja zvavari –vakaberekwa vakadaro.”

“Bhaibheri haritauri kuti munhu anoberekwa aine chido chekuita ungochani here kana kuti kwete. *Zvarinotaura* ndezvekuti . . . ”

_____

_____

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3

“Unofanira kuchinja maonero aunoita ungochani.”



FUNGA IZVI USATI WAPINDURA:

Kuti munhu wacho angangodaro aine shamwari kana kuti hama iri ngochani here? Anofunga kuti kusabvumirana *nezvinoitwa* nemumwe munhu, kunoita kuti uvenge *munhu* iyeye here? Munhu wacho *anonyatsonzwisisa* maonero aunoita ungochani here?

Uyewo: Kana vamwe vanhu vachingotarisira kuti iwewe uchinje maonero ako kuti aenderane nemaonero avo ungati vanhu ivavo vanonzwisisa here?

Zvii zvingangodaro zviri kuita kuti munhu iyeye afunge izvozvo?	Ungamubvunza mibvunzo ipi kuti uzive zvimwe zvaanofunga nezvenyaya yacho?	Rugwaro rwupi kana kuti magwaro api aungashandisa?

FUNGA ZVAUCHAPINDURA

“Unofanira kuchinja maonero aunoita ungochani.”

“Ndinogona kunzwisisa kuti nei uchifunga saizvozvo. Asi . . . ”

Kuti uwane mamwe mazano, ona bhuku rinonzi *Mibvunzo Inobvunza Vechiduku—Mhinduro Dzinoshanda,* Bhuku 1, Chitsauko 23: “Ndingatsanangura Sei Zvinotaurwa neBhaibheri Nezvoungochani?” Bhuku racho rinowanika palndaneti pawww.jw.org. Enda pakanzi MABHUKU NEZVIMWEWO> MABHUKU UYE MABHUROCHA.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania